



Ankouraje Devlopman Seksyèl Nòmal

- Sèvi avèk non kòrèk la pou tout pati nan kò yon moun.
- Ankouraje timoun lan pale sou pati nan kò moun san li pa santi li wont.
- Bay edikayon seksyèl ki koresponn avèk nivo devlopman timoun lan.
- Tabli nivo entimite ki koresponn avèk laj timoun lan.
- Eslike timoun lan kò li se pou li, epi li gen dwa di « non » si yon moun ap chèche manyen li yon jan ki dwòl, epi di si li gen nenpòt pwoblèm.

Resous

Pou plis enfòmasyon sou devlopman seksyèl timoun ak konpòtman yo :

- National Center on the Sexual Behavior of Youth (Sant Nasyonnal sou Konpòtman Seksyèl Jenn Moun) nan adrès www.ncsby.org
- Resous ak liv yon ekspè sou konpòtman seksyèl timoun ki rele Toni Cavanagh Johnson ekri, nan adrès www.tcavjohn.com

Nou ofri fòmasyon pou pwofesyonnel ak pou ògànezasyon kominotè.

Children's Advocacy Center of Suffolk County fè sèvis pou trete timoun ki gen konpòtman seksyèl ki poze pwoblèm, ak pou moun k ap okipe yo.

Catalina Perez, LICSW
Direktè Mental Health & Advocacy Services 857.334.4522
catalina.perez@mass.gov



CHILDREN'S ADVOCACY CENTER
of suffolk county

989 Commonwealth Avenue
Boston, MA 02215
www.suffolkcac.org

Pwojè a te resevwa sipò nan Massachusetts Office for Victim Assistance (Biwo Massachusetts pou Sipòte Viktim) avèk yon sibvansyon dapre yon lwa ki rele Victims of Crime Act of 1984 (VOCA); sibvansyon an te soti nan Biwo pou Viktim Krim, ki nan Pwogram Biwo Lajistis la, nan Depatman Jistis Etazini.



POU KONPRANN KONPÒTMAN SEKSYÈL TIMOUN



Gerizon Kòmanse Isit la

Kiryozite ak esplorasyon sou seksyalite se yon pati natirèl nan devlopman tout ti moun.

Sa ki ka poze yon pwoblèm :

Pou konnen kilè konpòtman seksyèl yon timoun kapab yon pwoblèm.

Kisa nou vle di, lè n ap pale sou « konpòtman seksyèl timoun » ?

Nan konpòtman seksyèl yon timoun, gen tout yon tralye konpòtman, tankou : manyen pati entim li, montre lòt moun pati entim li, gade ak manyen pati entim lòt moun, lè yon timoun ap manyen kò yon lòt, di pawòl seksyèl, epi gade imaj seksyèl.

Konpòtman ki Natirèl ak Nòmal*

Konpòtman seksyèl natirèl se yon jan timoun chèche konnen ak aprann kò yo.

- Timoun ki patisipe nan aktivite seksyèl ki natirèl ak nòmal, se timoun menm laj, ki nan menm nivo devlopman, epi patisipasyon yo volontè.
- Rezon aktivite a, se pou yo konnen pi plis - tankou fè jwèt « papa ak manman » oubyen « doktè ». Lè yon timoun gade kò yon lòt, li aprann kouman kò a fèt.
- Lè yon timoun manyen pwòp pati entim li ak bat laponyèt, se yon bagay ki rive nan tout laj. Anmezi l ap pran laj, timoun lan aprann pwoteje entimite li plis.
- Gen timoun ki gen konpòtman seksyèl pou soulaje tèt yo, oubyen pou kalme angwas yo.

Sonje byen :

Mete limit sou kèk nan konpòtman seksyèl ki natirèl yo, se yon pati nòmal nan elve yon timoun.

Konpòtman Seksyèl ki Poze Pwoblèm*

Gen anpil faktè ki conn aji sou konpòtman seksyèl yon timoun, epi abi seksyèl se pa sèl lakòz la, ni menm sa ki rive pi souvan. Lè yon timoun wè moun majè nan aktivite seksyèl ak / oswa medya ki montre aktivite seksyèl, oswa lè timoun lan viktим abi fizik ak neglijans emosyonnel, oubyen li temwen vyolans anndan kay, nou konnen tout bagay sa yo kapab lakòz konpòtman seksyèl ki gen pwoblèm.

Yon konpòtman seksyèl gen pwoblèm si :

- Yon timoun pito fè yon aktivite seksyèl pase pou li fè lòt aktivite ki koresponn avèk laj li. Konpòtman an kapab tounen pi souvan, oubyen li ka repetitif, oubyen timoun lan ka pa rive reziste li.
- Konpòtman seksyèl la pèsiste, menm si gen moun majè ki kontinye di timoun lan aklè pou li sispann.
- Konpòtman seksyèl timoun lan lakòz pwoblèm nan relasyon avèk timoun laj li epi / oswa gen timoun oubyen moun majè k ap pote plent pou li.
- Konpòtman seksyèl timoun lan montre li gen konnesans sou konpòtman seksyèl moun majè, ki ale pi lwen pase laj li ak nivo devlopman li.
- Yon timoun sèvi avèk mènipilasyon, oswa li fòse moun, oswa li ofri moun rekonpans pou fè aktivite seksyèl.

Si ou pa fin sèten sou konpòtman seksyèl ptit ou, chèche asistans yon pwofesyonnè ki espesyalize nan konpòtman seksyèl timoun.

* Adaptasyon ki soti nan T.C. Johnson, *Understanding Children's Sexual Behavior (2015)* [Pou Konprann Konpòtman Seksyèl Timoun].

Kouman pou Reyaji lè yon Timoun gen yon Konpòtman Seksyèl ki Poze Pwoblèm

Sa kapab difisil ak lakòz ou gen anpil tèt chaje, si ou aprann ptit ou genyen yon konpòtman seksyèl ki poze pwoblèm. Men kék koknséy ki kapab ede w :

- Kenbe kalm ou. Chèche konnen kouman ptit ou a aprann aji konsa.
- Reflechi sou rezon ki kapab lakòz ptit ou a aji konsa.
- Fè atansyon pou ou pa fè timoun lan wont ni anbarase li. Pale sou konpòtman seksyèl ki akseptab ak konpòtman ki pa akseptab.
- Pa sèvi avèk pawòl ki mete etikèt so yon timoun oswa yon jenn moun, tankou « dezòd » oswa « predatè seksyèl ».
- Fè timoun lan sispann aktivite a, ankoraje li fè lòt aktivite ki pi nòmal, epi kontinye pale avèk li sou konpòtman an.

Sipèvize, sipèvize, sipèvize ! Si ou pa sèten ptit ou a nan aktivite seksyèl, oubyen ou pa konnen si konpòtman an ànòmal, toujou sipèvize l lè li avèk lòt timoun.

Si ou gen enkyetid, chèche jwenn yon konsiltasyon pèsonnèl. Pou rekòmandasyon sou espesyalis, kontakte pedyat ou, oswa klinik pou sante mantal ou, oswa Sant pou Defans Timoun (Children Advocacy Center) ki pi pre w la.

Entèvansyon nan konpòtman timoun ki poze pwoblèm konn bay bon rezulta. Lè konpòtman an idantifye nan yon timoun, epi gen yo entèvansyon ki fèt dapre prèv sou sa ki rive a, pifò konpòtman ki poze pwoblèm yo pa kontinye lè timoun lan vin gran.

